ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№242-243 (21.901) ●2010 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, мэрем ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ●И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ управленэм теухуа Положенэр къэщтэным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ управленэм теухуа Положенэу мы Указым щыгъуэ къэщтэн.

2. Къэру ямыІэжу къэпльытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм теухуауэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №14-УП-м и пункт 2-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм теухуа Положенэу, а Іэнатіэм и зэхэпльыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №14-УП-мкІэ къыщтахэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэпльхьэным и Іуэхуэхэ» 2007 гъэм щыщкъэм и 27-м. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №57-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм и зэхэпльыкІэр къэщтэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм гъатхэпэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №14-УП-мкІэ къыщтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэпльхьэным и Іуэхуэкіэ» 2009 гъэм накъыгъэм и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №69-УП-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№163-УП

2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыным мурадкІэ, **унафэ сощ**:

1. 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр къэпльытэн республикэм и социально-экономикэ пщІэр гъэбыдыкІэ мыхъэнкІуэу зиІэ Іуэхуу;

2. 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къащтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм (Меркулов А. В.) хуэгъэувын:

2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыныкІэ планыр зы мазэ пІалъэм къыридыдэу къыщтэну;

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щызэхалъхьэкІэ, 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыным текІуэдэну ахъшэр къыпльытэну.

4. Къэбэрдей-БалъкъэрРеспубликэм Спортымкіэ и министерствэм (АфІэунэ А. М.) хуэгъэувын:

2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр зэрыхуэфащэкІэ хуэгъэхьэзырыным къызэригъэпэщыну;

2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырыным зэрекІуэкІыр щІыхь хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм къыщыгъэльэгъуэнкІэ къызэрыгъэпэщыну.

5. Мы Указыр зэрагъэзащІэм кІэльыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Меркулов А. В.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№165-УП

(Указым щІыгъу гуэдзэнкІэ 2-нэ нап. итщ)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кІуэдзэм – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кІуэдзэм – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІу **Кушмэзокъуэ Сэфрэил Пlатlу и къуэр** гъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Налшык къалэ,
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№171-УП

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІалэгъуалэм я жэрдэмыр даІыгъ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дыгъэгъазэм и 22-м Правительствэм и Унэм КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэтыщ Іуэхуэхэмкіэ щы-зэхэт Советым и зэІушІэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щы-таш гъэ къэс щыІэ «�щІалэгъуалэ проект нэхъыфІ- республикэ зэпеуэм къыригъэхэзыхыным. 2010 гъэм Советым и протокол унафэхэр зэрагъэзащІамрэ 2011 гъэм абы и дэжьыгъэр зыхуэдэнымрэ. ЗэІушІэр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэкІуэкІащ.

- ХЬэРЫЧЭТЫЩІЭ Іэнатіэм республикэм зыщегъэжьы-ным мыхьэнэшхуэ идот. Кы-хэгъэщІупхъэщ зэпеуэр гъэ къэс зэрефІакІуэр, щІалэ-гъуалэ нэхъыбэ кьызэрыхь-хьэр, проект нэхъыфІхэр зэ-рыщагъэльагъуэр икІи хуэхэтх мылькум зэрыхэ-хьуэр. Ди республикэр къуе-лейщ щІыналъэр нобэ зыхуэныкъуэ Іэнатіэхэр кьызэІузых, нэгъэущІхэри лэжьыгъэкІэ кьызэзыгъэ-пэщ щІалэгъуалэ жьджэр, зэчиифІэхэмкІэ, - жиІащ Президентым зэІушІэр кьы-щызэІуихым. - Гуапэщ зы му-радыр зэзыгъэхъуІэну зэущхькъу щІэблэр Іуэхущхъэ-хэм зэрытегушхуэр. Хьэры-чэтыщІэ Іуэхум яп лъэба-къуэ хэзычэхэм дадэІэпы-къун папщІэ тхуэзфІэкІ псори длэжьынущ. Ди зэпеуэм дяпэкІи щІалэгъуалэ куэд кьыхьихьэну, и пщІэм адэкІи хэзыуэну дыщогучъ.

Кьанокъуэ Арсен яп псалъэр зыльыгъэса, КъБР-м экономикэ зыуэкьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** тепсэтьыхьащ «КъБР-м и щІалэгъуалэ хьэрычэтыщІэхэм защІэгъэкъуэным и Іуэхукіэ республикэм и Правительствэм кьыдигъэкІа унафэр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ, тхьыльхэр къызэрыІахам, зэпеуэр зэрекІуэкІынур щІыхуэм я деж хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм зэрынахьэсам, КъБР-м Экономикэ зыуэкьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и сайтым абы зэрыщигъэгъуэзам.

- Зи гугъу тщІы зэпеуэм псори зэхэту сом мелуан 37-рэ и уасэ проектхэм я тхьилъ 85-рэ къатащ. Зэрыдбзыхуам тету, ахэр зыхуэгъэза министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэмрэ кьалэ, муниципальнэ районхэм администрацэхэмрэ яхуедгъэхьащ. Проект кьатахэр Іыхьищу дгуэшащ, Я9 Іыхьэм щыщІэныгъэншэхэр, еТІуанэм зы ныкъуэсаныгъэ зыхэхьэхэр, ещанэм дагъуэу тІу е щы зиІэхэр хэдгъэхьащ. Нэхьыфіу къэтпльата проект 42-м Советыр хэдгъэпІащ. Нобэ абы ящхуэхъыну мылькур зэрыхъур сом мелуан 12,5-рэщ икІи зы проектым нэхъыбэ дыдэу къыпльысынур сом мин 300-щ. Абы щыщу сом мелуани 10-р федеральнэ, мелуани 2,5-р республикэ мылькущ.

АдэкІэ республикэм и кьалэ округ, муниципальнэ район и администрацэхэм я Іэтащхьэхэр щхьэхуэу тепсэльыхьащ зэпеуэм пхыкІа, щхьэж и щІыналъэм щагъэзэщІэну щІалэгъуалэ проектхэм. Шэрэдж район администрацэм и Іэтащхьэ **Темиржанов Махьтэ** я уасэр кьыщалэжьыжьну хуагъэува зэманым зэрыщІигъум кьыхэхкІэ щыщІэныгъэ зэпльу кьальыта проектитІ пхигъэкІащ.

Президентым кьыхигъащІащ зи гугъу ящІа Іуэхугъуэхэм щІэщыгъуэ зэрахэтыр, ахэр Іуэху гъэщІэгъэуэну икІи щхьэпэу зэрыщыгъыр. Апхуэдэт, псальэм папщІэ, Налшык къалэ щэнхабзэ зэхьыхьэхэр, хьэгъуэлІыгъуэхэр, щІалэгъуалэр щызэрыщІыху икІи щыщІэныгъэ зэпльу Іуэхутхъэбзэ зэхуэмыдэхэр щыхуащІэ Іуэхущапэ зэрыщыхуэгъуэныр, кавказ щхьы-ныгъуэхэр щагъэхьэзыр Іэнатіэ, консалтинг фирмэ кьыщІызэІухыным, Аруан куейм лъэпкъ фащэхэр бзджэнду щат, нэгъуэщІ Іуэхутхъэбзэхэр щыхуащІэ щІыпІэ кьызэрыщыщзэІухыну, нэгъуэщІхэри.

Президентым зэхьыхьэм щыжиІащ зэпеуэм щыпхьы-мыкІа проектхэм аэр зи Іэдакъэщэкіэхэр елэжьыжмэ, еТІанэгъэт зэпеуэм зэрыхьа-гъэхьэнур икІи къалэм, районым администрацэхэм я Іэтащхьэхэм къалэн ящищІащ а Іуэхумкіэ щІалэгъуалэм ядэ-лажьэну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр** проектхэм теухуа и Іуэху еплъыкІэхэрэ зэІушІэм кьыщыхихъхащ.

2010 гъэм Советым ищІа унафэ 17-м щыщ 12-р зэрагъэзэщІам, 5-р куэд мыщІэу зэрыщэфІагъэкІынум, щэсы-пІэ фондым сом мелуан 75-рэ зэрыхагъэхъуам ипкъ иткІэ, ар нобэ сом мелуан 260-рэ зэрыхьуам, нэгъуэщІ Іуэхухэми Мусуковым я гугъу ящІащ. Апхуэдэу кьыхигъащІащ «Хьэрычэтыщ» проект нэхъыфІ- зэпеуэр еТІанэгъэ щыщІэдзауэ кьалэ, муниципальнэ районхэм я администрацэхэм зэрыщрагъэкІуэ-кІыну, хухахыну мылькум ипкъ иткІэ, грантхэр зэрыра-тынур. Гъэ кьакІуэ Іуэхум хатхьэну нэгъуэщІ зэхъуэ-кІыныгъэхэми ар кІэщІу тепсэтьыхьащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

●КъБР-м и Парламентым

Іуэхугъуэ 20

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыІэзэгъащ зи чэзу пленарнэ зэІушІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и Унафэщі Чеченов Ануар. ЗэІушІэм хэтащ республикэм и Правительствэм щыщхэр, кьаІэт Іуэхугъуэхэр зэгъэщІылІа ведомствэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хэпльащ Іуэхугъуэ 20-м щІигъум. Абы щыщу блыр ехьэлІауэ щытащ Лэскэн куейм хыхьэ Анзорей, Хьэтуей, Арщыдан, Ерокъуэ, Урыху, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтІуанэ кьуажакъэхэм я статусымрэ я муниципальнэ гъунапкъэхэмрэ зыуэбзыку законкэм зэхъуэкІыныгъэ хэпльхьэным. Депутатхэм я пащхьэ а законкэм я проектхэм щытепсэльыхьащ щыпІэ самоуправленэмрэ щыналъэхэм я социально-экономикэ зыуэкьыныгъэмкІэ комиссэм и унафэщІ **Берд Хьэзрэталий** Абы зэрыжиІамкІэ, Лэскэн куейм хыхьэ кьуажакІгъум щыщу зэкІэ яп кьеджэгъуэу зыхэпльар 7-м я муниципальнэ гъунапкъэхэр убзыхунращ. Адрей кьуажатым я щым Къущхьэхъу хьуПІэхэм щыщ хиубдапхьэу кьызэрагъэувым кьыхэкІыу, я гъунапкъэхэр щаубзыхунр КъБР-м и Къущхьэхъу хьуПІэхэм теуха законыр кьащта нэхъщ.

ЗэІушІэм щыхэпльащ «КъБР-м и кьуажэхэм 2010 гъэ пщІондэ зауэныным» теухуа республикэпсо программэ зэгъэуІуам пыщІа законым и проектым зэхъуэкІыныгъэхэр хэпльхэнми. А зэхъуэкІыныгъэхэм яубзыку 2010-2013 гъэхэм кьрифыбдзэу, Федеральнэ законхэм кьитІасэу, программэр дяпэкІи зэрылъэжьэну щыкІэр. Апхуэдэ щыкІэкІэ убзыкуа мэхъу дяпэкІэ ар гъэзэщІэным хухахыну мылькур зыхуэдизри ахъшэр псом яп зытекІуэдэн хуей Іуэхугъуэхэри. Псальэм папщІэ, а Іуэхугъуэхэм ящыщу кьуажэм щыпсэу, зи ныбжькІэ щІалэ ІэщагъэлІхэм я унагъуэхэр псэупІэкІэ кьызэрэпэщынкъ, жылагъуэхэм я социальнэ Іуэхущапіэхэр егъэфІэкІуэныр, нэгъуэщІхэри. Законым и проектым и яп, етІуанэ еджэгъуэхэр зэуІуу зэфІагъэкІри, щыхьэт тхьылыр КъБР-м и Президентым хуагъэхьащ, абы Іэ щІидзэн папщІэ.

Республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ законэм я проектхэм щыщу етІуанэ еджэгъуэу зэІушІэм щыхэпльащ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иІэну бюджетым теухуами. Ар кьигъэльагъуэу, бюджетымкІэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Ахьуэхьу Къанщобий** кьыщыпсалъэм кьызэрыригъэщамкІэ, яп еджэгъуэу законым и проектыр кьащта нэхъщ, бюджетым Іуэхуэхэм тригъэкІуэдэну яубзыкуа ахъшэм иджыри сом мелуан 300 хуэдизкІэ кьаэрэпхэхьуар. Организацэхэм я мылькум пэкІуэу ятын хуей налогхэм иджыри зэ хэпльэжа нэхъщ, бюджетым кьыІэрыхьэн хуей сом бжыгъэри нэхъыбэ хьуащ сом мелуан 28,6-кІэ. ЕтІанэгъэ республикэм иІэну бюджетым игъэтащ нэгъуэщІ зэхъуэкІныныгъэхэри.

2010 гъэм и яп мазибгъум кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхьуам депутатхэр щыгъуазэ ищІащ финансхэмкІэ министр **Бышэн Азрэт** Абы зэрыжиІамкІэ, а зэманым кьриубыдэу КъБР-м и бюджетым кьыІэрыхьащ сом мелард 15-рэ мелуан 86-рэ. Ар ильэс псом кьыхэхъуэну зытращІыхьам и процент 77-рэ мэхъу. А бжыгъэм щыщу процент 63,4-р пшныжьын хуэмеІуэ кьиутІыпщащ федеральнэ бюджетым.

Мы гъэм и щышылэ - фокІадэ мазэхэм кьриубыдэу республикэм и бюджетым псори зэхэту Іуэху зэмылЭужьыгъуэхэм тригъэкІуэдащ сом мелард 13,2-рэ. Ар 2010 ильэс псом зытращІыхьам и процент 63,5-рэ мэхъу. А бжыгъэм щыщу социально-щэнхабзэ Іуэхуэхэм хальхьащ сом меларди 4,8-рэ (сом меларди 8-м щІигъу абыхэм текІуэдэн хуейщ). Банкхэм я деж республикэм 2009 гъэм кьыщІэщ кредит щІыхуэу япшыныжащ сом мелуан 700, ахъшэ хьумапІэхэм я Іуэхугъэхьэм щІатащ сом мелуан 11.

ФинансхэмкІэ министр Бышэн Азрэт кьыхигъэщхьэкІуэдащ нэхъ ирикъуу бюджетым игъэзэщІа Іуэхугъэ зыбжанэ. Апхуэдэхэм ящыщу социальнэ Іэнатіэ псори - ахэр гъэзэщІэныкІэ бюджетым щыхуэ телькъым.

Псори зэхэту кьапщтэмэ, бюджетым мы гъэм и мазибгъум кьыдигъэхуащ сом мелард 1,8-рэ. Абы щыщу зэкІэ кьэмыгъэсэбэпауэ кьоиэ федеральнэ бюджетым щыутІыпща ахъшэу зы мелардым щІигъу.

Депутатхэр арэзы кьащІащ мы гъэм и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхьуам.

ЗэІушІэм яп, етІуанэ еджэгъуэу щыхэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыбжь-кІэльыплъакІуэ палатэм теухуа законым зэхъуэкІныгъэхэр хэзыльхьэ проектым, яп еджэгъуэу - мэз Іуэхугъэмкіэ законым зэхъуэкІныгъэхэр хэльхьэным, федеральнэ закон зыбжанэм зэхъуэкІныгъэхэр хэльхьэныкІэ кьыхальхьа жэрдэмхэм, нэгъуэщІхэм.

ГЪУЩІО Зариф.

●КъБР-м и Правительствэм

Арэзы тохъуэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и зэІушІэр дыгъэзаэм и 21-м иригъэкІуэкІащ республикэм и яп вице-премьер Абрэдж Іэдиб. Абы Іуэху зэмылЭужьыгъуэ 10-м щыхэпльащ.

КъАПЩТЭМЭ, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** кьыхилъхьащ КъБР-м и Президентым зэфІагъэкІа Іуэхуэхэм ятеуху и докладыр зэрагъэхьэзыр щІыкІэр зыубзыку унафэу Правительствэм зэхилъхьа и проектыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм блэкІа илъэсым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІагъымрэ кьэкІуэну илъэсищ пІалъэм ялэжьыну я мурадхэмрэ ятеуху докладым ехьэлІа бжыгъэхэмрэ щапхъэхэмрэ республикэм и Іэтащхьэм щрэрылъ зыщищІахэм зэхуэхьэс. Министрым кьыхилъхьащ ар гъэхъэзырынымкІэ кьалэнхэр зыхуэфащэ министерствэм трагъэщыну.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани эмкІэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІым утыку кьиритьащ 2011 гъэм а фондым и бюджетым и Іуэхукіэ КъБР-м и законым и проектыр. ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани эм трагъэкІуэдэн папщІэ кьыхах страховой взносхэм, налогхэм, налогхэм ящымыщ хэхуэхэм, УФ-м и федеральнэ бюджетым кьыхэкІ дотацхэм, бюджет зэхуаку трансфертхэм я хьэкъкІэ. ХэщІхэри хэхъуэхэм хуэдиз хъууэ щытыну ягъэуващ.

Правительствэм и зэІушІэм кьыщащтащ гуГуехь хэхуа цІыху и 6-м ядэІэпыкъунымкІэ унафэ. Абыхэм ящыщу тІум кьызэращтэщІыкІэм и 20-м террористхэм зэхащІыхьа щІэпэхьаджагъэм и зэран кьекІащ.

Апхуэдэу зэІущІэм щыхэпльащ «КъБР-м кьыщызэрагъэпэщ жармыкІэхэм хьэпшыпхэр щыщэмыкІэ хуагъэувхэм я Іуэхукіэ», «ЩІыпІэ самоуправленэм и органэм я гъэуха стандартхэм кьримыубыдэ сату Іуэхущапіэхэр хэгуэшэныкІэ схемэхэр зэрыщэхьхьэ ящІыкІэм и Іуэхугъэхэм я зехьэкІэмрэ сыт хуэдизкІэ захьуэжми, - жеІэ а тІасхьэщІхэ центрым и лэжьакІуэ Литтлэ Джордж.

Кьызэрагъэпэща кьудамэр нэхьыбэу зэлъжьынур иужьрей зэманым «Викликс»-м Іэрыхьа щыхьэт тхьылъэращ - ахэр абы ешытар, хэращ щхьэхуэ хэІущІыу зэрыхьу щыкІэр зэхигъэкІын хуейщ.

Фигу кьэдгъэкІыжьинщи, «Викликс» сайтыр дуней псом кьайгъэшыу щІэрыІуэ щыхьэщ, США-м и властым ей щыхьэт тхьылъ щхуу мини щу бжыгъэхэм кьэрал псори щигъэгъуэза ныжь.

Іэзэхэр ягъэкъуаншэ

Гантим тало узыфэм зэрызыщиубгъуам щыхуэхэр хуищащ дицхэм я нэщэнэ псори я фІщІ хьэжьным.

Абы щыпсэу удэхэр, Іэзэхэр, экстрасенсхэр щІыхубзм зэтрауклэу щІадзащ. «Франс Пресс» хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэм дыгъуасэ кьызэригтамкІэ, иужьрей тхьэмахуэхэм кьриубыдэу а къралым щаукІащ экстрасенскІэ зэджэ Іэзэу щІыхуэ 45-м щигъу.

Тало узыфэр Гантим кьыщежьащ мы гъэм жэпуэгъуэм икуэхэм. Нобэр кьыздэсым абы иІыкІар щІыхуэ мини 2,5-м щигъащ.

Къэзахъстанри къагуовэ

Къэзахъстаным и хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэм кьызэритымкІэ, дыгъуасэ а къэралым кьыщІэщ терроризмэм е бомбымкІэ зэдзлъжьыным и Щыхай зэгуэхьныгъэм (ШОС) и Конвенцэр.

А Конвенцэм 2009 гъэм мэкъуаэгъэгъум и 16-м Екатеринбург Іэ щыщІадзат. Ар хуэуэнэтащ ШОС-м хэт къэралхэм я щхьэхуитныныгъэмрэ я щІыналъэр хьэмэныкъуэ зэран хуэмыкъуу, терроризмэм зэгъусэу, зэгурыІуаэу пэщІэтыным. КьищынэмыщІауэ, а щыхьэт тхьылым еубзыху ШОС-м хэт дэтхэн къралми терроризмэм езыми зыщикъуэу, адрейхми дэІэпыкъуу и щІыналъэм щилъжьыпхъэ Іуэхугъуэхэр.

Ю О Б Э

■ 1790 гъэм **Суворов Александр** зи унафэщІ урыс дэмэ Измаил быдапІэр кьиузыращ.

■ Илъэси 110-рэ и пэкІэ кьыдокІащ «Искра» марксист газетым и яп номерыр.

■ 1979 гъэм советыдзэхэр Афганистаным ихьащ.

■ Москва щызэхэтынущ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и Къэрал Думэм мы бжьыхь сессием иужьрейуэ иригъэкІуэкІ зэІушІэр.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык уэфІу щыщытынущ, махуэм хуаэбэр градус 12-м, жэщым - градуси 3-м нэс щыІэнущ.

Пlашэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зариф.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Удафэр фэм йокІ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и яп нлъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531



Псы хуэлІэнукъым

● Аруан куей

Старэ Шэрэдж къуажэм щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІакІуэным хуэунэтІа Іуэху щхьэпэхэр щыгъэфІагъэкІащ.

КУЕЙ, жылагъуэ администрацэхэм, щІыхуэ зэгухьэныгъэхэм, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщІхэр кьрихьэлІэу иджыблагъэ абы щаутІыпщащ къуажапщэм щыпсэу унагъуэ 200-м зэпымыууэ псы яІэрыхьэн папщІэ яухуа псы къыщІэщыпІэр. Зы сыхьэтым хуэзэу псы куботер 48-рэ къэзытыну ухуэныгъэм район, къуажэ бюджетхэм щыщу сом мелуани 2-м щІигъу тригъэкІуэдащ. Іуэху зэрыщІэкІ ящІыкІэ дыдэм щыт школым нэс кІуэн папщІэ гъэуанэ кІыхь зэпачьн хуей зэрыхъум кьыхэкІыу. Ауэ щыхьукІэ, къуажэкъм хуэзэу кІуэщІрыкІ федеральнэ гъэугур зэпыпщІыным щынагъуэ щхьэхуэхэр пыщІэт.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №165-УП-мкIэ къыщытащ
2012 гъэм Лондон щекIуэкIыну XXX гъэмахуэ Олимп джэгуэм
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ
къызэгъэпэщакIуэ комитетым

ХЭТХЭР

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIэ)*

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Абрэдж І. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарь)*

Бабаев Зх. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр

Емкъуж М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзюдомкIэ и къэрал тренерыр, Урысейм щIыхь зиIэ и тренерыр *(зэгурыIуэу)*

Жаным А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министрэм «Спорт Iэзагъэ нэхъыщхьэмкIэ школ» и къэрал Iэхъущ1анIэм и унафэщIыр

Жапуев М. И. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ, физкультурэмкIэ, туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министрэм «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал еджапIэм и ректорыр *(зэгурыIуэу)*

Къанокъуэ А. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщагъуэр

Малкаров А. А. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзэщIэр *(зэгурыIуэу)*

Панагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Пархоменкэ Ю. В. - Прохладнэ къуэдзэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Хьэгъэс З. А. - Налшык кIалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Щхьэнэкъуэ С. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министрэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм атлетикэ псынщIэмкIэ и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» и къэрал Iэхъущ1анIэм и къудамэм и унафэщIыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ Мысрокъуэ Замир Хьэсэн и къуэм и Iэщ1агъэмкIэ я№3 класс фIощIым и IэхъукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ Мысрокъуэ Замир Хьэсэн зэрыфIащым теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РеспубликэмкIэ и Советым 1997 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №347-П-СР-мкIэ къыщтам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ Мысрокъуэ Замир Хьэсэн и къуэм и Iэщ1агъэмкIэ я№3 класс фIощIым и IэхъукIэ

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и деж егъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар
Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№566-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат КIуэкIуэ Къазбэч Валерий и къуэм и къалэнхэр я пIалъэр имыкIыу щхьэщыхьыным и IэхъукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и IэхъукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и я1э Iыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат КIуэкIуэ Къазбэч Валерий и къуэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кIыбгъэдэкIыу республикэм и хэхъапIэ округ зэгуэным щыхахьи, и къалэнхэр я пIалъэр имыкIыу 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м щыщIэдзауэ щыхьэщыхьи.

2. КIуэкIуэ Къазбэч Валерий и къуэр къыхэгъэкIыжын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы IэхъухэмкIэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIыпIэ самоуправленэм, щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм я IэхъухэмкIэ и комитетымрэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар
Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№568-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и языныкъуэ комитетхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IэхъукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22 статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Логвиненкэ Игорь Анатолий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым къыхэгъэкIын икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ХэхъуэныгъэмкIэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Кармалиф Павел Дмитрий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кIыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар
Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№569-П-П

2010 гъэм и я№3 мазибгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым и IэхъукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2010 гъэм я№3 мазибгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ - республикэ бюджетщ) зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэтыгъуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэпагъуэ федеральнэ бюджетым къыбгъэдэкI финанс дэIэпыкъунысIэр хэмыту, хэхъуэхэр къызэрагъэпэщыныкIэ къалэнхэр сом мин 5527541,9-кIэ е процент 86,7-кIэ, хэхъуэ псоми сом мин 15086617,5-кIэ е процентэ 102,6-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Республикэ бюджетым и хэщI Iыхьэр сом мин 13252261,7-кIэ е планым и процент 84,7-кIэ ягъэзэщIащ. Отчет лъэхъэнэм кърикуфыдзу республикэ бюджетым и профицитыр сом мин 1834355,8-р мэхъу. Отчет лъэхъэнэм и кIэхъым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIуэцI щыхьэр сом мелуан 257,2-рэ хьуэу щытащ. А псори кIыльпытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

2010 гъэм и я№3 мазибгъуэм республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетыр къэпльытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар
Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№574-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Москва къалэ Думэм и депутатхэм Зэрызахуигъаазэм и IэхъукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Москва къалэ Думэм и депутатхэм Зэрызахуигъаазэр (мы Унафэм щыIэтыщ) къэщтэн.

2. Мы Унафэр Москва къалэ Думэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар
Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16
№585-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Москва къалэ Думэм и депутатхэм

Зэрызахуигъаазэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым гущIыхь щыхьэуауэ къеГъэлъагъуэ Москва къалэм и Манеж уГым къыщыхъуэ хабзэшагъэхэр къызэрыхьеикIа зэныкъэкъым хэтахэм ящIыщ зыр зэрыхэкIуэдар ди республикэм къыщалъхуа цIыхум зэрехьэлIар.

Свиридов Игорь зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу абы и Iыхьлъэмрэ и благъэхэмрэ дахуогуэавэ.

Абыхэм къыщадзауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр тогуэзвыхь Москва къалэм национализмэмрэ ксенофобиемрэ я щхьэр къыщалэту зэрыхуежьам, къыззэрыгуэкI щIэпхъаджагъэр пъэпкъ Iухум зэрыхуагъакIыям. Абы и щыхьэт нагуэщI Москва къалэм 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м къыщыхъуахэр. Дэ къыдолытэ закономрэ хабзэмрэ хуямэным, адэкIэ зэныкъэкъэхэмрэ хэкIуадзэхэмрэ къэмыгъэхъыным хуэунэтIауэ икIэщIыпIэкIэ зыкъуэфащэ Iэхъухэр яIэжьын хуэяГуэ. Е Iэмэ-Iэмэ къызыхэкIа пъэпкъымрэ зэрыт динымрэ емылытауэ, цIыху куэд зыхэт хабзэншагъэхэр лэжьынымр къызэщIэзыгъэстхэр икIэщIыпIэкIэ гъуэбыIэн, абыхэм тезырыншэу къызэрымынэнур къыгурагъэIуэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ Урысейм и унафэщIэхэм Урысей Федерацэм и субъектхэм я унафэщIэхэм пъэпкъ политикэ зэпIэзэрыт зэрыраГъэкIуэкIым и фIыщIэкIэ, нэхъ япэхэм щыIахэм хуэдэу, цIыхубэр щызэпсыгъуэу зэрыгъэуцуагъэ. Ауэ иджыпсту Урысей Федерацэм и къалащхьэ Москва хуабжьу дызыгъэпIейтей Iэхъухэр - ультраправэ къарурхэмрэ хабзэр къызэпызыуд гупхэмрэ яебгъэрыкIуэныгъэхэр - щокIуэкI. Апхуэдэ Iэхъухэр хабзэр и лъабжьэу щызэхамыгъэкI, абыхэм зэрахуэфащэнкIэ щапщIэмыувэ къызэрыхьэр жылагъуэм щызэлъащIыс икIи абы щытыкIэр къызэIигъэхьэнкIэ хъунущ. Ахэр къыщыгъэлъэгъуауэ щытащ ди республикэм щалъхуахэр Москва зэрыщыщ. Абы Федерацэм и Парламентым Москва къалэм и къэрал власт и органхэмрэ къалэм и хабзэхэуа органхэмрэ зэщIигъуэ зыужьэращэ Iэхъухэр зэхальхьэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм фыхэгъэкIыжын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Парламентым и депутатхэм нэхъ япэкIэ зэрызахуигъаазэхэм.

Иджыпсту нэхъ узыгъэгъэзэвэр националист гупхэм ирагъэкIуэ Iэхъухэр, зэщIэхьеныгъэм зэрыхэкIуэрщ икIи абыхэм дэнэ щIыпIи зыщыгуфIыкIэ зэрыхъунурщ. Апхуэдэ Iэхъу къэбгъэхъункIэ Iэмал зэримыIэм куэдрэ гу лъыдагъэтащ Урысей Федерацэм и Президентым, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ я унафэщIэм. 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Москва къалэм ящыщхьуэ Iэхъухэр зэрыщIыпхъэм и гугъу щиIыщым, Урысейм и Президент Медведев Д.А. хыжиГэщхьэхуIащ щыхуэхэр къызэрыщIэкIуэ е яIыгъ динкIэ зэхэгъэж щIыныгъэ ахэр зэщыгъэIеинымрэ хуэунэтIа Iэхъухэр нэхъ шынагъуэ дыдэу зэрыщытыр. Абыхэм къэралым и зэпIэзэрытыныгъэр къызэпаудыныкIэ зэхущытащ.

Дэ арэущу къыхыдогъэщхьэхукI лъэпкъ куэду зэхэт ди жылагъэр зэхэгъэж щIыным, лъэпкъ, дин зэныкъэкъуныгъэхэр зэщIигъэстыным хуэунэтIа сыт хуэдэ Iэхъухэмэ властым и Iэнатlэхэм я мызакъуэу, Урысейм и цIыху псори я1эщIэвэну я къалэнщ.

А псоми я1кIэ иткIэ, дэ арэущу лъэпкъ куэду зэхэт ди жылагъэр зэхэгъэж щIыным, лъэпкъ, дин зэныкъэкъуныгъэхэр зэщIигъэстыным хуэунэтIа сыт хуэдэ Iэхъухэмэ властым и Iэнатlэхэм я мызакъуэу, Урысейм и цIыху псори я1эщIэвэну я къалэнщ.

А псоми я1кIэ иткIэ, дэ арэущу лъэпкъ куэду зыфхудогъаз къалащхьэм национализмэм зыкъыщIэту зэрыхуежьар гъуэбыIэныкIэ Москва къалэм и хэрал властым и органхэмрэ къалэм и хабзэхэуа органхэмрэ зэщIигъуэ зыужьэращэ Iэхъухэр зэхальхьэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм фыхэгъэкIыжын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№534-р

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№535-р

«Пэжыгъэмрэ цIыхухэм къаГъэсэбпхэмрэ я кIэрыхубжьэрыхухэм я IэхъукIэ» Федеральнэ закон №89-ФЗ-уэ 1998 гъэм мэкъуаэгъуэм и 24-м къыдэкIам ипкъ иткIэ:

1. Муниципальнэ районхэм я щIыпIэ администрацэхэм яхуэгъэльэгъуэн:

кIэрыхубжьэрыхуэр щызэхуахьэсыну щIыпIэхэр яГъэува хабзэм тету муниципальнэ районым и къуажэхэм я щIыналъэхэм щыхуахьэсыну:

2011 гъэм мэкъуаэгъуэм и 1-р къасыху кIэрыхубжьэрыху быдэхэр хуит ямыщIу щракъуэка щыпIэхэр ягъэсеижьну икIи къагъэщIэрэщIэжыну.

2. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ерчэн Т. Хьу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

«ЩIым и хьугъуэфIыгъуэхэм я IэхъукIэ» 1992 гъэм мазаем и 21-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №2395-1-м и 10.1 статьям и пункт 6-м и еплIанэ абзацым, «ЩIым и хьугъуэфIыгъуэхэм я IэхъукIэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13 статьям и пункт 4-м и еплIанэ абзацым, хьугъуэфIыгъуэхэр къызэрагъэсэбэп, дэнэ щIыпIи щыIэ хьугъуэфIыгъуэхэр зыщIэлъ щIы Iыхьэхэр, апхуэдэу хьугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхьыным пымыщIауэ, ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIын мурадкIэ, щIы щIагъэкIэм щыIэ ухуэныгъэхэр зэрахьэн папщIэ къагъэсэбэп щIы Iыхьэу щIыпIэ мыхьэнэ зиIэхэр зэрахьэну, ягъэлэжьэну хуит зэращI лицензэхэр зэратх, зэрат хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щэкIуэгъэм и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №256-ПП-мкIэ къыщтам и пункт 11-м ипкъ иткIэ:

1. ХьугъуэфIыгъуэхэр зыщIэлъ щIы Iыхьэхэр къагъэсэбэпынымкIэ хуитныгъэ етын:

«Тырныауэ бгылъэ руда компание» ООО-м - «Эльджурт щIы Iыхьэ» къыщIэхьыпIэм гранитэхэмрэ абыхэм я нэгъэщI лIэужьыгъуэхэмрэ къыщыщIихьын папщIэ;

«Ахмат и К» ООО-м - «Винт» къыщIэхьыпIэм туф къыщыщIихьын папщIэ;

хьэрычэтыщIэ Кьожэр Руслан Нурхьэлий и къуэм - «Альтуд-1» къыщIэхьыпIэм ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пшахьуэ къыщIихьын папщIэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыгъэхьуэрейхь дунейр хьумэнымкIэ и министерствэм уэгъэгъэныкъуэ мы Унафэм и пункт 1-м къызэрыщIагъэльэгъуэм хуэдэу, хьугъуэфIыгъуэхэр щыщIэлъ щIыпIэхэр къагъэсэбэпыну хуит зэращI лицензэхэр итхыну икIи итыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Улнаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№537-р

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Iэхъухэр зезыхьэм и автобаз» къэрал Iэхъущ1анIэм и цIэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм и автобаз» къэрал Iэхъущ1анIэ зэхъуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкуэр зехьэнымрэ щIы кIуэлеигъэхэмкIэ и министерствэм и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм ягъэува хабзэм тету зэфIигъэкIын хуейщ мы Унафэм и я1э Iыхьэр гъэзэщIэным егъэщIылIа юридическэ Iэхъухэр.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэ Къэлэ 3. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№538-р

1. «Эльбрус» зыщрагъэIэзэ-уэныншагъэр щрагъэфIакIуэ къэрал Iэхъущ1анIэм и цIэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм и «Эльбрус» зыщрагъэIэзэ-уэныншагъэр щрагъэфIакIуэ къэрал Iэхъущ1анIэу» зэхъуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкуэр зехьэнымрэ щIы кIуэлеигъэхэмкIэ и министерствэм и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм ягъэува хабзэм тету зэфIигъэкIын хуейщ мы Унафэм и я1э Iыхьэр гъэзэщIэным егъэщIылIа юридическэ Iэхъухэр.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэ Къэлэ 3. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№539-р

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Iэхъухэр зезыхьэм и «Чайка» санаторэм и цIэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм и «Чайка» санаторэ» къэрал Iэхъущ1анIэ зэхъуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкуэр зехьэнымрэ щIы кIуэлеигъэхэмкIэ и министерствэм и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэм ягъэува хабзэм тету зэфIигъэкIын хуейщ мы Унафэм и я1э Iыхьэр гъэзэщIэным егъэщIылIа юридическэ Iэхъухэр.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Iэхъухэр зезыхьэ Къэлэ 3. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Федченкэ Людмилэ и лъагапIэхэр

●ДифI догъэтъапIэ

Мы махуэхэм ильэс бжыгъэ дахэ ирихьауэ ди республикэмрэ гъунэгъу щIыналъэмрэ щыщIэрыуГэ бзыльхугъэ щыпкъэ, политик Iэкlуэльакlуэ, щIэныгъэ лэжьакIуэ Iэзэ, Бгылъэ геофизикэ институтым и унафэщIым и къуэдзэ, географиемкIэ, Iэпхъуэдэ-Iэпхъуэдэ доктор Федченкэ (Лаптевэ) Людмилэ Михаил и пхъур, Хэлъ хьэл-щэн дахэмрэ акьыл щэщIамрэ, зэфIэкI иныжрэ Iэхъущ1афэ дахэхэмрэ я фыгъэкIэ, ар къыщыцIыхуащ икIи пщIэшхуэ къыщыхьащ жылагъуэ псом. Людмилэ и гъэщIэ гъуэгуанэр лъэпкъ щIэныгъэм, къэралым псэ зэрыщыгъуэ, псалъэкIи Iуэхукlи сэбэп хуэхьу фын цIыху зэрыщытри къыхэгъэщ.

Бзылъхугъэ-щIэныгъэ лэжьакIуэ, бзылъхугъэ-политик Федченкэ Людмилэ и фIыщIэ псори гулыитэншэу кьэнакьым. Абы пщIэшхуэ щиIэщ щIэныгъэ дунейми политикэм я дежи. И зэфIэкIышхуэхэм папщIэ Федченкэ кьыхуагъэфащащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Гущ1эдэкIым и Бэракь Плъыкь», «ЗэныбжьэгъуГэ» орденхэр, «Гущ1эдэкI хьэлэлым папщIэ» медальр, «Парламентаризмым зиужьыныкIэ иI» фIыщIэхэм папщIэ» УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и щIыхь дамыгъэр, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Парламентым кьабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Людмилэ УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ. Ар Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, Информатизацэмкlэ Дунейпсо Академиехэм я академикщ, УФ-м и Гидрометео кьулыкъущIапIэм и отличникщ, ЩIэныгъэмрэ техникэмкIэ КъБР-м и къэрал саугъэтым и лауреатщ.

Депутат кьалэнхэр щхьэщах нэужьи, Федченкэ Iуэхущхьэхуакьым. Бгъэдэлъ щIэныгъэшхуэр, е кьалакьтэр, ар ирагъэблагъащ Бгылъэ геофизикэ институтым и унафэщIым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу. А лэжьыгъэ гугъуэм кьыдэкIуэу, Людмилэ жьыдкъэр хэтщ республикэм и Людмилэ ди республикэм и тхыдэм, социально-политикэ гъащIэм щиубыда увыпIэр зэрыныр, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

И махуэшхуэр щигъэльапIэ зэманым Людмилэ дохьуэхьу насып, узынщагъэ, екьулIэныгъэ, гухэхьуэ к1уэ иI1эну, и Iыхьлъхэм, благъэхэм хуэгъэпсэ и хьуэпсапIэхэр, творческэ, щIэныгъэ Iэхъухэм хуэунэтIа и мурадхэр нэхуапIэ хьунц, республикэм, краелым иофI кьыз1эрыкIын Iэхъу куэд иджыри зэфIихьну.

ДАДЭ Суфэдин,
КъБР-м и Парламентым и депутату щыта,
КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщагъуэ.

Налшык и Къэбэрдей уэрамыр зэгуэр игъэбжьыфIэу щытащ «Победа» кинотеатрым. *Сурэтыр 1969 гъэм трахащ.*

Шэджэм районым щыщ Кьыльшийхьэблэ (Нартан) кьуажэшхэм и ветеранхэм я отчет-хэхыныгъэ зэйущэм иджыблагъэ драгъэблэгъат кьалэм щыпсэу я жылэгъухэрэ, Хабзэ хьуауэ, кьуажэм и нэхъыжьхэрэ езыхэм ящыщу Налшык кьалэм щыпсэуэхэмрэ а зэпыщІэныгъэр яку дэлъщ илъэс куэд ыпашэрэ.

АПХУЭДЭ зэхуэсхэр сэбэпышхуэ мэхъу кьуажэм и тхыдэм, нэхъыжьыфІхэм я зэфІэкІыу щытам, ІыпсэущІ зэрахьам щІэблэр щыгъуазэ щыныкІэ, хабзэфІхэм ныбжьыщІэхэр дэгъэпІыенымкІэ. Нэгъуэщ Іуэху щхьэпэ куэдми щытопсэлъыхь нэхъыжьхэм я зэхуэсхэм. Псалъэм папщІэ, ветеран гупым я фІыщІэкІэ, фІым я фІыжхэм я щІэхэр уэрамхэм зэрахъэ, я сурэтхэр Іуэхущ1ІапІэ унэхэм щыфІэдзащ, абыхэм апхуэдэ пщІэ щыхуащІым теухуа тхыгъэхэр ящІыгъуэ.

Пэжщ, кьуажэдэхэм ящыщ гу зрахэм, яхуэфащэ дыдэ пэми, апхуэдэ гупыгъэ ноБжкІэ яІысакъым. Мы тхыгъэр теухуащ абыхэм ящыщ щхьм. Ар Пщыбий Хъанджэрийщ.

Занщ1эу жьгІэнщи, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа зэІуцІэм республикэм и ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщІхэм ящыщу Хъанджэрий и кІуэ СультІан хэтащ. Абы республикэм и ветеран зэгухьэныгъэм и нэхъыфІхэм ящыщу кьалыгъэ Кьылышбийхьэблэм и гупым и унафэщІ Бырсекъуэ Кьэрадилий етІуанэ чэзум хахыжауэ дыкъыздэкІуэжым, СультІан зэуэ зыкъыхэзыхьри, губжьа-губжьауэ жиІащ: «Совет Союзым и зэманым ди кьэралым мыхьумыщІэу кьыщыхъуауэ щыта псомкІи куэдым Сталиныр ягъэкъуаншэ. Сэ ар сфІэзэхуагъэкъым, гугъуэрь нэхъыбэ нэхъ зыгъэвахэм ди унагъуэри ящыща пэтми».

Апхуэдэу дызэпсэльыдпэуэ, СультІан кьыскуиІуэтэжащ я унагъуэм и кьеІуэкІыкІам теухуа хьыбар. Абы и адэ Пщыбий Хъанджэрий щытащ. Щыхъуат мэкъумэшыщІэ унагъуэ гуащІафІэм, езыхэм ябгъэкІэжьхэмкІэ кьулей хьуахэм. Хъанджэрий и адэ Кьаизий мы фІыуэ я ильагъу, лъэпкъыкифхэр щыкІуэу, зе хуэмІэзехьэхІэм щыгъэзэуэ куейм исах эм хабжэрт. 1903 гъэм дэфтэрым зэрыратхамкІэ, щыфІ нэхъыбэ зиІа унагъуэ пщыкІущым ящыщащ ар.

Кьазий и унагъ ущ мэкьумэш бэви кьеІуэлІэрк. Лэжьыгъэ кьыдэзэпэщІкІэм хуэІэкІуэлъакІуэ лІым и унагъуэм псэукІэ дахэ иІэт, мылькуфІи бгъэдэльт, и гуащІэкІэ зэрицгъэщауэ. ЛІы губзыгъэм къуажэм пщІэ щиІэт. Зэрая1уэтэкъымкІэ, Кьылышбийм Льос-тэнбэм - Кьэбэрдеим и тетыщхуэр - Кьазий хуеблагъэуэрэ, щыгбгъэдэс, щызэчэнджэщ щыІэт.

Апхуэдэ унагъуэм щапІа, кьыщыхъуэ Хъанджэрий гуащІафІэ у, Іэкіуальакіу эу, и ныбжьым емыльытагъуэ ахъшьыфІэу кьэхъуащ. «Гі адэм ещхь хьужащ, и адэ и іуэущ», - хужаІэ хьуат абы ильэс пІыщІ ныбжьым щыІэсам. Ар зыхуэзэр 1916 гъэращ. Хъанджэрий щІыхь щабэт, губзыгъэ т, зыльъэмыкІхэм мылъкукІэ ядэІэпыкъут.

Кьэбэрдей псом щыІэпэу Хъанджэрий есым и жэрдэмкІэ тыкуэн кьыз3Іуфхауэ итъ-лажьэрт, кредит, банк (хьуэж-щІэжьм) Іужъм хэтхэм я обществэ кьыз3Іуихауэ щытащ. Абы теухуауэ 1937 гъэм «Социалист Кьэбэрдей-Балъкъэр» газетым тхыгъэ тетащ. Хъанджэрий и Іуэху зекъэІэр, и зэфІэкІыр жылагъэр ку эдым щызэлъащІысат, абы и тыкуэныр цыхуэ кІуэпІэ хьуат, зыщІэупщІэ хьэпшыпэхэр абы щагъу этыр т

Пщыбийм иригъэжьа Іуэхуфі1эхэр нэхъри иригъэфІэкІуэныжьмкІэ дзэпыльхуэпъуэхэр щІэ хьу ащ. Апхуэдэт Тенджиз Щыхьым, Льеинщэ Мырзэбэч сымэ. Апхуэдэу къэрал Іуэху гущІэгъуэлъ щхьэлтетым я деж кьаІуэт. ЩыпІэ кІуэийщІэм гугъу ехьу щищІа щхьэлыр Совет властым иритауэ щытащ, абыи хуэлэжьащ.

Мы зэманым Мамыкъуэт - «Хъанджэрий и лъапсэкІэ» и кІуэжгъэхэр зэрадж щытам - бдзэжьей лъэпкъыифІ щаІэхьу завод ехьу лІэныгъэ иІэу щожлажьэ. А псыпІэ, кьамылылъэ щыпІэу щытар гъэкъэбзэныр, абы унэхэр, псэуалъэхэр щыухуэныр, гъэуэгуэр щыныр - псори и мылькукІэ, и кьарукІэ зэфІекІуэкІауэ щытащ Хъанджэрий.

Абдеж гъэш фермэ щылэжьащ, шы гуартэ, джкьбзэ, бжьаІуэ, нэгъуэщІхэри щызымыщхуэфхэм щІыхуэу зрагъэтырт. ПсэукІэщІэм зиубгырт, гъащІэм щІэ куэд кьыщыхъурт. Кьуажэм мэкъумэшыщІэ кредит зэныбжьэгъуГэр (СКТ), интеграл кооперативэ обществэр (ИКО), зыуэ щыт кооперативэ обществэр (ЕКО) кьыщыІэрагъэпэщырт. Аэрэ зыхуэунэтІар псэукІэщІэм мэкъумэшыщІэхэр дегъэхъэныныр, абыхэ зи я лэжьыгъэр ядэгъэспынщІэныр. А обществэхэм я лэжьыгъэр зыунэтІхэм ящыщт Хъанджэрий.

ГъэщІэгъуэнт Пщыбийм и псы щхьэлри. Лы губзыгъэм щІымах уэм мыщт Мамыкъуэт псынэм тришыхьат щхьэлыр. Абы кьыщІэкІ хьэмыгъэр адрейхэм нэхъри нэхъ щабэт, нэхъ Іэфт, хьэмыщІэр нэхъ мащІэт, тхьэмыщІэхэм кьаІихьысэртэкъым.

Абы и хьыбарыр щІыпІэм кьедза хамэ хуажэхэмкІи щыщащ икІи щІымахуэм Іумыщітхьэу лажьэ щхьэлым, гущІэгъэлуты щхьэлтетым я деж кьаІуэт. ЩыпІэ кІуэийщІэм гугъу ехьу щищІа щхьэлыр Совет властым иритауэ щытащ, абыи хуэлэжьащ.

Мы зэманым Мамыкъуэт - «Хъанджэрий и лъапсэкІэ» и кІуэжгъэхэр зэрадж щытам - бдзэжьей лъэпкъыифІ щаІэхьу завод ехьу лІэныгъэ иІэу щожлажьэ. А псыпІэ, кьамылылъэ щыпІэу щытар гъэкъэбзэныр, абы унэхэр, псэуалъэхэр щыухуэныр, гъэуэгуэр щыныр - псори и мылькукІэ, и кьарукІэ зэфІекІуэкІауэ щытащ Хъанджэрий.



Пщыбий Хъанджэрий Кьазий и кьуэр. *1909 гъэ*

Абдеж гъэш фермэ щылэжьащ, шы гуартэ, джкьбзэ, бжьаІуэ, нэгъуэщІхэри щызымыщхуэфхэм щІыхуэу зрагъэтырт. ПсэукІэщІэм зиубгырт, гъащІэм щІэ куэд кьыщыхъурт. Кьуажэм мэкъумэшыщІэ кредит зэныбжьэгъуГэр (СКТ), интеграл кооперативэ обществэр (ИКО), зыуэ щыт кооперативэ обществэр (ЕКО) кьыщыІэрагъэпэщырт. Аэрэ зыхуэунэтІар псэукІэщІэм мэкъумэшыщІэхэр дегъэхъэныныр, абыхэ зи я лэжьыгъэр ядэгъэспынщІэныр. А обществэхэм я лэжьыгъэр зыунэтІхэм ящыщт Хъанджэрий.

ГъэщІэгъуэнт Пщыбийм и псы щхьэлри. Лы губзыгъэм щІымах уэм мыщт Мамыкъуэт псынэм тришыхьат щхьэлыр. Абы кьыщІэкІ хьэмыгъэр адрейхэм нэхъри нэхъ щабэт, нэхъ Іэфт, хьэмыщІэр нэхъ мащІэт, тхьэмыщІэхэм кьаІихьысэртэкъым.

Абы и хьыбарыр щІыпІэм кьедза хамэ хуажэхэмкІи кьыщащІащ икІи щІымахуэм Іумыщітхьэу лажьэ щхьэлым, гущІэгъэлуты щхьэлтетым я деж кьаІуэт. ЩыпІэ кІуэийщІэм гугъу ехьу щищІа щхьэлыр Совет властым иритауэ щытащ, абыи хуэлэжьащ.

Мы зэманым Мамыкъуэт - «Хъанджэрий и лъапсэкІэ» и кІуэжгъэхэр зэрадж щытам - бдзэжьей лъэпкъыифІ щаІэхьу завод ехьу лІэныгъэ иІэу щожлажьэ. А псыпІэ, кьамылылъэ щыпІэу щытар гъэкъэбзэныр, абы унэхэр, псэуалъэхэр щыухуэныр, гъэуэгуэр щыныр - псори и мылькукІэ, и кьарукІэ зэфІекІуэкІауэ щытащ Хъанджэрий.

● Махуэгъэпс

Дызыхуэкlуэ маззэм

ЩЫШЫЛЭМ И 1-м

♦1929 гъэм Налшык къыщыхъуахащ дзрбзэр фабрикэр.
♦1939 гъэм Налшык къыщыхъуахащ егъэджакlуэхэм я щlэныгъэм щыхагъахъуэ институт.

♦1934 гъэм къалъхуащ юридическэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Урысей Федерацэм щыхъзиlэ и юрист, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ **Кьалмыкъ Юрий Хьэмзэт** и къ уэр. 1997 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу: филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Мусукаевэ (Есэнкъул) Анжелэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦1942 гъэм къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакlуэ **Тэнащ Анатолий**.

ЩЫШЫЛЭМ И 2-м

♦ Илъэс 85-рэ ирокъу Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, тхакlуэ **Iэщын Хьэрэт**. 1994 гъэм дунейм ехыжащ.
♦И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, кинорежиссер, жылагъуэ лэжьакlуэ **Вэрокъуэ Владимир**.

ЩЫШЫЛЭМ И 4-м

♦ 1943 гъэм советыдзэхэм Налшык нэмыцlэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм къыlэщlагъэкlыжащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 40 ирокъу Урысей Федерацэм спортымкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, XXVII Олимп Джэгуэхэм я чемпион **Кьардэн Мурат**.

ЩЫШЫЛЭМ И 5-м

♦1943 гъэм Прохладнэ къалэр нэмыцlэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм къыlэщlагъэкlыжащ.
♦1992 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и япэ Президентыр хахащ.
♦Илъэси 110-рэ ирокъу Урысей Федерацэм и щыхубз артистэ, пшынауэ Iэзэ **Кьашыргъэ Кlуращ** къыдзэрахъуэрэ. 1974 гъэм дунейм ехыжащ.

ЩЫШЫЛЭМ И 6-м

♦1926 гъэм Налшык къыщыхъуахащ гуманитар къхутэныгъэхэмкlэ щlэныгъэхутэ институтыр.
♦Илъэс 80 ирокъу щэрджэс тхакlуэ, журналист **Даур Жэхьфар**.
♦1935 гъэм къалъхуащ Къбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, усакlуэ, тхакlуэ **Кьагъырмэс Борис**.

ЩЫШЫЛЭМ И 7-м

♦**Хьисэ бегъымбарыр къалъхуащ**.
♦1942 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щыхъ зиlэ и артист, дирижер **Щэбэтыкъуэ Натбий**.

ЩЫШЫЛЭМ И 8-м

♦1957 гъэм «Къбэрдей АССР-р Къбэрдей-Балькъэр АССР-у зэхъуэкlыным и Iуэхукlэ» СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьиущащ.

♦И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщ, журналист **Хьэжыкьарэ Алик**.

ЩЫШЫЛЭМ И 10-м

♦1920 гъэм Япэ дунейпсо зауэр зэриухамкlэ Версаль мамырыгъэ зэгурыlуэныгъэм Iэ щIадзащ.
♦1946 гъэм Лондон къыщыхъуахащ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и япэ зэIущIэр.
♦1918 гъэм къалъхуащ Къбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист, тхакlуэ, драматург, Iуэрыlуатэ дж **Кьардэнгъущ Зырамыку**. 2006 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Мэкъумэщ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Шукай Фатlимэ Жэхьфар и пхъур** къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 11-м

♦1943 гъэм Къбэрдей-Балькъэрыр нэмыцlэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм къыlэщlагъэкlыжащ.
♦1995 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Къэзыбж Палатэр. Абы и япэ унафэщIуэ ягъэуват **Кьэрмокьуэ Хьэчим**.

ЩЫШЫЛЭМ И 12-м

♦1722 гъэм Петр I и унафэкlэ Урысейм и прокуратурэр къызэрагъэпэщащ.
♦**Урысей печатым и махуэщ**
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщ, журналистка **Уэр докъуэ Женя** къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 14-м

♦1814 гъэм къызэIуахащ Урысейм и лъэпкъ библиотекэр.
♦И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Шэвлокьуэ Валентин.**
♦Илъэс 70 ирокъу Къбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и артист, уэрэ джыlакlуэ **Уэтэр Анатолэ** къызэралъхуэрэ. 1988 гъэм дунейм ехыжащ.
♦Педагогикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Емуз Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 15-м

♦1912 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакlуэ щlэрыlуэ, Хэку зауэшхэм жыджэру хэта **Ахьуэхьу Асльэнбий**. 1975 гъэм дунейм ехыжащ.
♦И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, тхакlуэ, Iуэрыlуатэрэ, жылагъуэ лэжьакlуэ **Шэрджэс Алий**.

ЩЫШЫЛЭМ И 16-м

♦1922 гъэм Балькъэрыр Горскэ АССР-м кьыхэкlащ икlи Къэбэрдей-Балькъэр автоном областыр РСФСР-м хэту яухуащ.
♦И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу уэрэджыlакlуэ **Кьашыргъэ Мухьэмэд**.

ЩЫШЫЛЭМ И 17-м

♦Уэрэджыlакlуэ **ПащIэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

● Махуэгъэпс

Дызыхуэкlуэ маззэм

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и артист, къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ **Кьурмахуэ Мухьэдин** къызэралъхуэрэ илъэс 45-рэ ирокъу.

ЩЫШЫЛЭМ И 18-м

♦1854 гъэм къалъхуащ адыгэ усакlуэ щlэрыlуэ **ПащIэ Бэмырзэ** 1936 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1940 гъэм къалъхуащ тхакlуэ, кинодраматург **Жылэтеж Сэлэдин**.
♦Урысей Федерацэм и цIыхубэ щlэныгъэм и отличник, жылагъуэ лэжьакlуэ **Уэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 19-м

♦1847 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий Суп тIан и «Урыс-шэрдж эс псалъалъэр, грамматикэ кlэщI щыгъуу» тхыгъэр.
♦1965 гъэм Майский поселкэр кьалэ ящIащ.

ЩЫШЫЛЭМ И 21-м

♦1588 гъэм урыс пащтыхь Федор Иван и кьуэм Хьэмзэ щIигъэблэгъащ Черкасскэм Темрыкъ уэ и кьуэ Мамстрыкъуэрэ Кьамболэт и кьуэ Кьуэдэнэтрэ.

ЩЫШЫЛЭМ И 21-м

♦1918 гъэм Адыгеймэ Совет власть щагъэуващ.
♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехыжащ.

♦Илъэс 85-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ тхакlуэ **Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыр** къызэралъхуэ. 2000 гъэм дунейм ехыжащ.
♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрми я цIыхубэ егъэджакlуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Мэлбахъуэ Борис**.
♦1985 гъэм дунейм ехыжащ Франджым и Лыхьужь **Хьэгъундокьуэ Елмэсхьан Едыдж и пхъур.**

ЩЫШЫЛЭМ И 22-м

♦1517 гъэм Мысыр (Египет) мамлюкхэмрэ тыркыдзэмрэ Каир пэмыжьыжьыу щыIэзэгъащ.
♦Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ **Унащlэ Роза**къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 23-м

♦1755 гъэм Москва къэрал университетыр къызэIуахащ.

♦Урысей Федерацэм щыхъ зиlэ и артисткэ, къэрал къызэрыlуэ **Шэру Соня** къыщалъхуа махуэщ. 2010 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1935 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, тхакlуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтым тIэунейр я лауреат **МафIэдз Сэрэбий**. 2007 гъэм дунейм ехыжащ.

ЩЫШЫЛЭМ И 25-м

♦1919 гъэм Деникин и дзэхэм Налшык яубыдащ.
♦1936 гъэм Стахановым и лэжьакlэм теува гупышхэу лъакlуэрыгъажкlэ Налшык къыкlуащ.
♦Урысей Федерацэм щыхъ зиlэ и дохутыр, Адыгеим и жылагъуэ лэжьакlуэ **Бэч Мэлэчъаны**къыщалъхуа махуэщ. 1978 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1935 гъэм къалъхуащ сабий усакlуэ **Щоджэн Леонид**
♦**Татьянэ и махуэщ**. Сту дентхэм я махуэшхэщ.

ЩЫШЫЛЭМ И 26-м

♦1944 гъэм Аруан куейр къыдзэрагъэпэщащ.

♦И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и егъэджакlуэ, КъБКъУ-м и проректор **Тау Хьэзешэ**
♦Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ** къыщалъхуа махуэщ. 2004 гъэм дунейм ехыжащ.

ЩЫШЫЛЭМ И 27-м

♦1904 гъэм Урыс-Япон зауэр къэхъеящ.
♦1941 гъэм «Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и дохутыр» щ1 лъапIэр ягъэуващ.
♦1944 гъэм Ленинград блокадэм къикlащ.
♦1968 гъэм Налшык Къэбэрдей-Балькъэр къэрал музыкэ театр къыщызэIуахащ.
♦1947 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым гъуазджэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, композитор **Жырыкъ Заур** кьалъхуащ.
♦1952 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым гъуазджэмкlэ щыхъ зиlэ и лэжьакlуэ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал музыкэ театрым и унафэщI **Бэрэгъун Руслан**.
♦**Таможнэм и дунейпсо махуэщ**

ЩЫШЫЛЭМ И 28-м

♦1820 гъэм Антарктидэр кьахуащ.
♦1997 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиlэ и артист, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакlуэ ансамблым и балетмейстер нэхъыщхьэ **Ат эбий Игорь**.

ЩЫШЫЛЭМ И 29-м

♦1547 гъэм Грозный Иван IV япэ ярыс пащтыхь хъуащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, литературэ критик **Чэмокьуэ Тырбий**.
♦2001 гъэм дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ усакlуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь **Кlыщокьуэ Алим**.
♦1954 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист **Дуэмэщ Аулэдин**.

ЩЫШЫЛЭМ И 31-м

♦1837 гъэм къалъхуащ адыгэ тхыдэтхъ, филолог, журналист **Кlашэ Адыльджэрий**. 1872 гъэм дунейм ехыжащ.
♦1996 гъэм Къбэрдей-Балькъэрым щыпсэу лъэпкъхъэм я бзэхэм зегьэужьыным т еухуа къэрал программэр ящащащ.
♦ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, адыгей уэрэджыlакlуэ щIрыlуэ, композитор **Сэмэгу Гу эшанагу** я къыщалъхуа махуэщ. 1995 гъэм дунейм ехыжащ.

Зыгъэхъэзырар
УЭРЫШI Нурхьэлийщ.

Иугъащlэ зэчиифlэхэм!

●Егъэджэныгъэ

КъБКъУ-м иджыблагъэ щекlуэкlащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и школакlуэхэм я Iэанэ Олимпиадэ зэIуха. Абы хэтащ Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь краим щыIэ курыт школ 66-м я дыкlуэхэр.

9 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщlэхэр зэпеуащ предмети 10-кlэ: математикэмкlэ, физикэмкlэ, биологиемкlэ, географиемкlэ, химиемкlэ, информатикэмкlэ, урысыбзэмкlэ, литературэмкlэ, тхыдэмкlэ, обществознаниемкlэ. Олимпиадэр яублэным и пэкьихуэу, школакlуэхэмрэ абыхэм я егъэджакlуэхэмрэ ирагъэблэгъащ КъБКъУм и щlэныгъэ советым и хэщIапIэм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэ Дорохинэ Андиерэ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбийрэ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм фIыщIэ хуащIащ щыналъэпсо олимпиадэм хэтыну кьыдзэрыlуам щхьэкlэ, апхуэдэуи зэпеуэм текlуэныгъэ къыщахьыну екъуэхуащ.

- Ди щыналъэ олимпиадэр ильэситlкlэ екъуэlэныгъэ иЗу щедгъэкlуэкlыфмэ, ещанэрэ илъэсым абы къыфащынущ «урысейпсо» цIэр. Мы зэпеуэм щытекlуэ ныбжьыщIэхэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и еджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэтIысхьэкlэ, ахэр мы олимпиадэм зэрыхэтар къалрытэнущ, - жиIащ ректорым. - Иужькlэ, олимпиадэр урысейпсо хьумэ, абы щытекlуахэм льготэ яIэнущ, къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ дэтхэнэми щыщIэтIысхьэкlэ. Ауэ щыхьыкlэ, фи къару феплъыжыну, фи пьэжlныгъэхэр къырифIыщытэжыну олимпиадэр Iэмал хъарзынэщ.

Зэпеуэр ныуэ нэужь, абы хэта ныбжьыщIэхэр «КъБКъУ-р - нобэ» гъэтэгъуэныгъэм щыIащ, концерт епIащ. Налшык и щlыпIэ дахэхэм зыщащIыхьащ.

Олимпиадэм кърикlуахэр дыгъэгъазэм и 19-м хъапщытэжащикlи абы щытекlуахэр щаIэт гуфIэгъэ ушыхьи университетым къыщызэрагъэпэщащ. Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и школхэм щеджэхэм екъуэхуну зэIущIэм къекlуэлIат Дорохинэ Андиерэ Къарэмырзэ Барэсбийрэ нэмыщI, КъБКъУ-м и проректор Башиевэ Светланэ, ныбжьыщIэхэм я егъэджакlуэхэр, адэ-анэхэр.

Зэпеуэм предмет зэхуэмыдэхэмкlэ яп уВыпIэр къыщащхьащ Шэджэм къалэм щыщ КъхъуIуфэ Альбинэ, Налшык къалэм щыщ Шорэ Рустэмбий, Мэзгъэбгэ къалэм щыщ Дадэ Каринэ, нэгъуэщIхэми. ЕтIуанэ хъуахэм ящыщущ налшыкдзэ Кьардэн Къантемыр, Владикавказ къикlа Каспаровэ Алинэ, Испъэмей жьлэм щыщ Лыкъэщуэ Астемыр сымэ. Еуанэ увыпIэр кьахъащ Карабудак къалэм щыщ Мальсаговэ Каринэ, Бахъсэн къалэм щыпсэу Тхьэмадокъуэ Иринэ, щIхьэлыкъуэ къуажэм щыщ Кlэушэмэ Марьянэ, владикавказдзэ Молчанов Валентин, Мэлгъэбгэ къалэм къикlа Индиевэ Фатlимэ, Нарткъалэ щыщ Щхьэгуэш Алинэ, нэгъэщIэхэми.

Къызэхуэсахэр гуапэу ягъэхъуэщIащ щыналъэпсо олимпиадэм щытекlуахэм. Абыхэм ираташ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэмрэ КъБКъУ-мрэ кьабгъэдэкlащIыхь тхыльхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● «СТIол хъурей»

Гъэсэныгъэ - дыщэ жыг

КъБКъУ-м и педколледжым иджыблагъэ щекlуэкlа зэIущIэр теухуауэ щытащ школ кlуэгъуэ ныбжьыкъ нэмыса щыкlуэхэм ядегъэкlуэкlыпхъэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ абы сабий нэхъыбэ къызэщIеГъэубыдэнымрэ. Егъэджэныгъэмкlэ кьалэ департаментымрэ педколледжымрэ къызэрагъэпэща зэхуэсым хэтащ гъэсапIэхэм я унафэщIхэр, апхуэдэ Iуэхущапlэхэм я лэжьакlуэ пэрытхэр, егъэджакlуэхэм я щlэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и щlэныгъэлIхэр, департаментымрэ кьалэ къумэкlымрэ я Iэщlагъэлlхэр, педколледжым и студентхэр.

«СТIОЛ хъурей» щытыкlэ зиIэу екlуэкlа зэIущIэр къызэIуихащ педколледжым и езанэ хъудамэм и унафэщI, УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и лэжьакlуэ нэхъыфI Къарэ Хьэщацэ. Ар тепсэлъыхьащ гъэсэныгъэ Iэнатlэм къыпэщылъ къалэныщIэхэм, ар егъэфIэкlуэным хузунэтlауэ иужьрей лъэхъэнэм къэралым къыщащта дафтэр щхьэхуэхэм.

Къалащхьэм щыIэ гъэсапIэхэм щызэфIах лэжьыгъэхэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ егъэджэныгъэмкlэ департаментым школ кlуэгъуэ ныбжьым къмэхъажмэ ядзэпэжьнымкlэ и къудамэм и Іэщlагъэлl нэхъыщхьэ Къармэ Маргаритэ.

- Сабиигъуэр щыхъу гъащIэм и нэхъ Іэфыпlэ дыдэхэм ящыщ лъэхъэнэщ. Ар щыхъум и нэгум къызэрыщIэувэжьнур елъытащ а зэманым сабийм дэщIыгъуэ балигъэхэм я гулъытэмрэ жауаплIныгъэмрэ. Псом хуэмыдэу къалэныщхуэ ди пщэ къыдохуэ гъэсакlуэхэм. Ди лэжьыгъэр къызыхуэтынщэу зэфIэтхмэ, сабийм игурэ и щхьэрэ зэтелъу, гушхуэу, и зэфIэкlыр здынэсыр ищIэжу школ гъащIэм хьыкьэнущ. Ар зы дакъикъи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым гъэсакlуэхэм, - кlыхьитэщащ Къармэм. - «Гъэсэныгъэр - дыщэ жыг щ», - щIыжиIэр аращ адыгэ псалъэжьым. А жыгым «кьыпlыкlэ пхъэщцъэмыщцъэхэм» я фIагъыр зэлъытар абы дызэрыкlэтыпlыпlарщ, хуэтщIа гулъытэрщ. Жылагъуэр кьапщтэмэ, ар ди сабийхэрщ. Дауи, щIэблэм я гъэсэныгъэр псом япэ адэ-анэм я пщэ дэлъщ, арщхьэкlэ ар зи Іэщlагъэ дэ, гъэсакlуэхэм, ди щlэныгъэри зэфIэкlри етхьэлIэн хуейщ ар егъэфIэкlуэным.

Гъэсэныгъэмкlэ щыIэ къэрал стандартым къигъэувхэм тепсэлъыхьащ институтым и лэжьакlэ Кравцовэ ФатIимэ. Апхуэдизу зэхуэсым къыщыпсэлъащ республикэм и сабий садхэм, прогимназиехэм я гъэсакlуэ пашэхэр. Абыхэм къызэхуэсахэр щыгъэдгъэхэм, ди щlэныгъэри зэфIэкlри етхьэлIэн хуейщ ар егъэфIэкlуэным.

Гъэсэныгъэмкlэ щыIэ къэрал стандартым къигъэувхэм тепсэлъыхьащ институтым и лэжьакlэ Кравцовэ ФатIимэ. Апхуэдизу зэхуэсым къыщыпсэлъащ республикэм и сабий садхэм, прогимназиехэм я гъэсакlуэ пашэхэр. Абыхэм къызэхуэсахэр щыгъэдгъэхэм, ди щlэныгъэри зэфIэкlри етхьэлIэн хуейщ ар егъэфIэкlуэным.

КЪАРДЭН Маритэ.

Милиционерхэм я фIыгъэкlэ

МАЙ КУЕЙМ щыIэ ОВД-м и лэжьакlуэхэм псынщIэу къыщIагъэщащ пенсионерым и автомашинэр езыхужьар. Лей зытехьам «Жигули» ВАЗ-2104 и автомашинэр щигъэува щыпIэм зэрыщымытыжым гу зэрыпытгъу, милицэм хъыбар яриГъэщIащ.

Хабзэхъумэхэм автомашинэм кlуапIэ ирамыту уэрамхэм ящыщ зым къыщагъэувыIащ, абы иса бзаджэщитIым языр яубыдащ. ЕтIуанэм зигъэпщIкlужащ. Милицэм и лэжьакlуэхэм зэрыжаIэмкlэ, мыгувэу ари яубыдынущ.

Уголовнэ Іуэху къаIэтащ.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

КъБР-м щыIэ МВД-м Прохладнэ къалэ округымкlэ и ОВД-м кьелъыхъу хъыбарыншу кlуда **Битуй Мурат Iэмин и къуэр** Ар 1978 гъэм щIышылэм и 9-м Старэ Урыхъ къуажэм къащащхъащ, Нарткъалэ, Борыкъуейм и уэрамым тет унэ №3-м и 57-нэ фотэрым щыпсэуащ, 2010 гъэм жэпуэгъэм и 11-м щIэкlри къигъэзэжакъым.

И теплъэр: илъэс 32-рэ ептынщ, см 165-рэ и лъагагъщ, къэгъэущ, Іэпкъ-лъэпкъкlэ тэмэмущ, нэкlу кlыхьщ, и щхьэщыр сырыхуфIыщIафэщ, и пэр зэхуэщ.

Гу зылъытапхъэр: и Іэ ижьым и Іэфракlэм сэкъат иIэщ, нэсу зыкlигъэщIыркъым, и щхьэм дырыкъуэ тельщ.

Битуй Мурат Iэмин и къуэм и хэщIапIэм щыгъэзэ щыIэмэ, дыныволъIу мы телефонхэмкlэ фыкъэпсэльэну: (88-6631) 4-45-96, 4-45-69, 02.

* * *

КъБР-м щыIэ МВД-м Прохладнэ къалэ округымкlэ и ОВД-м кьелъыхъу хъыбарыншу кlуда **Брылевский Сергей Семен и къуэр,** 1940 гъэм щэкlуэгъуэм и 11-м Надшык къалэ къащащхъащ. Ар Прохладнэ къалэ, Малкинскэ уэрамым тет 6-нэ унэм щыпсэуащ 2010 гъэм фокIадэм и 21-м унэм щIэкlри къигъэзэжакъым.

И теплъэр: илъэс 70 ептынщ, курыт лъагагъ иIэщ, курыту зыIэщIэлъщ, нэкlу кlыхьщ, и пэр зэхуэщ, и щхьэщыр тхъуащ.

Щыгъар: спорт гъэзэнщэдж щIыхь, тельяшкэ, хьэрэ вакъэ фIыщIэ.

Брылевский Сергей Семен и къуэм и хэщIапIэм щыгъэзэ щыIэмэ, дыныволъIу мы телефонхэмкlэ фыкъэпсэльэну: (88-6631) 4-45-96, 4-45-69, 02.

* * *

КъБР-м щыIэ МВД-м Прохладнэ къалэ округымкlэ и ОВД-м кьелъыхъу хъыбарыншу кlуда **Тапсуев Мурат Iэмин и къуэр** Ар 1978 гъэм щIышылэм и 9-м Старэ Урыхъ къуажэм къащащхъащ, Нарткъалэ, Борыкъуейм и уэрамым тет унэ №3-м и 57-нэ фотэрым щыпсэуащ, 2010 гъэм жэпуэгъэм и 11-м щIэкlри къигъэзэжакъым.

И теплъэр: илъэс 32-рэ ептынщ, см 165-рэ и лъагагъщ, къэгъэущ, Іэпкъ-лъэпкъкlэ тэмэмущ, нэкlу кlыхьщ, и щхьэщыр сырыхуфIыщIафэщ, и пэр зэхуэщ.

Гу зылъытапхъэр: и Іэ ижьым и Іэфракlэм сэкъат иIэщ, нэсу зыкlигъэщIыркъым, и щхьэм дырыкъуэ тельщ.

Тапсуев Мурат Iэмин и къуэм и хэщIапIэм щыгъэзэ щыIэмэ, дыныволъIу мы телефонхэмкlэ фыкъэпсэльэну: (88-6631) 4-45-96, 4-45-69, 02.

* * *

КъБР-м щыIэ МВД-м и Бахъсэн ОВД-м кьелъыхъу хъыбарыншу кlуда **Щхьэгъум Аят Расул и пхъур** Ар 1989 кьалъхуащ, Бахъсэн къалэ, Бахъсэнеиф къуажэ, Нарткъуэм и уэрам тет унэ №249-м щыпсэуащ, 2010 гъэм щэкlуэгъуэм и 11-м унэм щIэкlри къигъэзэжакъым.

Щхьэгъум Аят Расул и къуэм и хэщIапIэм щыгъэзэ щыIэмэ, дыныволъIу мы телефонхэмкlэ фыкъэпсэльэну: (88-6633) 4-11-11, 4-14-96, 02.

Къэрал кlуэцIыгъуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущапlэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Нартан Іэгъуэблагъэм къыщагъуэтащ

ЩЭДЖЭМ РОВД-мрэ УФ-м и ФСБ-м и Іуэхущапlэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакlуэхэм Нартан къуажаэм дэт узынщагъэм щыкlэлъплъ Іуэхущапlэхэм ящыщ зыр къызэрещIэкlа бетон бжыхьым метри 2-кlэ пэIэщIэу кумбым къыщагъуэтащ РПГ-26, РГД-5 гранатэ, УЗРГМ запал, щыуэ 40, гъи зэрыль полимер къэп.

Іуэхур зэхагъэкlи.

Илъэсыщlэм фIыкlэ щогугъ

●Дзэлыкъуэ куей

ГЪЭ КЪЭСИ хуэдэу, Илъэсыщlэ дауэдапIщэхэр Дзэлыкъуэкъуажэ и Ут нэхъыщхьэм щекlуэкlынущ. Псом япэу щагъэльэгъуэнущ щIыпмахуэмрэ Илъэсыщlэмрэ ятеухуауэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къадекlуэкlI таурыхъхъэм кьытраIыкlа театр тепльэгъуэхэр. Абы хэзгъэ ящыщ «Уэс пщащэ», «Уэс налъэ», «Уае дадэм и тыгъэхэр» нэгъуэщIхэри. Спектаклхэм щыджэгунущ мы куейм Щэнхабзэмкlэ и унэм театрымкlэ и къудамэмрэ еджапIэхэм щылажьэ кружокхэмрэ я гъэсэнхэр. Апхуэдэу Илъэсыщlэ жьым и пэ къихуэу Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм и деж концертышхуэ щатынущ Дзэлыкъуэ районым и къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ Іакlуэ гуп цIэрыIуэхэм, куейм хиубыдэ жылагъуэхэм гъэм и кlыхьагъкlэ ирагъэжlуэкlа творческэ зэпеуэхэм щытекlуахэм. Илъэсыщlэ зэхъыхьэр адыгэ джэгу дахэкlэ иухынущ. Район администрацэм Щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщI Къалэ Хъызыр къызэрыджиIамкlэ, пшыхьхэм хэтыну цIыкlу псомИ Уае дадэмрэ Уэс пщащэмрэ саугъэтхэр ятынущ. Мыпхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щрагъэкlуэкlынущ куейм хиубыдэ жъуажэ псомИ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбч (редактор нэхъыщхьэм и къудэдзэ), **ЖъэкlэмыхъуэМариноу** (редактор нэхъыщхьэм и къудэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щlэкlэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапlэхэм ядэлэжьнымкlэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ писмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкlэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынур и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щыныбжьэ жуэап ева КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льытэгъаIэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятащ.

Зы нэхъыщхьэ газетым 250-рэ ехьынкlэ
«Тетраграфъ ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щlэкlэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджкlыгъуэм елэжьахэш: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкlЕ Соня, редактору ТекIужь Заретэ, корректорхэу Щоджэн Инир** *(1, 2, 6-нэ нап.),* **ПхытIыкlЮрэ** *(3, 4, 5-нэ нап.) Компьютерхэм я гъатхэм и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Шомахуэ Марианэ, ГъукIэлI Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатlэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №251